**दिन–शनिवार** **दिनांक–30.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

म्यांमा केर राष्ट्रपति यू मिन आंग ह्लाइंग आइ बोधगयाक विश्व प्रसिद्ध महाबोधि मंदिर मे पूजा–अर्चना कयलनि। ओ पवित्र बोधि वृक्षक नीचां ध्यान सेहो लगौलनि। राष्ट्रपति बकरौर स्थित ऐतिहासिक सुजाता स्तूप मे पूजा–अर्चना कयलनि। संगहि ओ बोधगया स्थित म्यांमा केर कतेको बौद्ध मठ सभक दौरा सेहो कयलनि। एहि सँ पूर्व गया हवाई अड्डा पर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन आ कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा राष्ट्रपति यू मिन आंग ह्लाइंग केर गर्मजोशी सँ स्वागत कयलनि। हुनका संग उच्च स्तरीय अधिकारी आ बौद्ध प्रतिनिधि लोकनिक एकटा शिष्टमंडल सेहो मौजूद अछि। राष्ट्रपति आइ सांझ विदेश मंत्री डॉक्टर एस. जयशंकर सँ भेंट करताह। सोम दिन राष्ट्रपति प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक संग दुनू देशक मध्य ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक संबंध कैँ मजगूत करबाक लेल चर्चा करताह। दुनू देशक मध्य द्विपक्षीय सहयोगक दिशा मे एकटा महत्त्वपूर्ण पहल मानल जा रहल अछि। यात्राक क्रम मे राष्ट्रपति व्यापार आ उद्योग जगत सँ वार्ता लेल मुंबई सेहो जयताह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भोर एगारह बजे आकाशवाणीक **मन की बात** कार्यक्रम मे देश आ विदेशक लोक सभ संग अपन विचार साझा करताह। ई मन की बात कार्यक्रमक एक सय चौंतीसम कड़ी होयत। एकर प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जायत। एआईआर न्यूज, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना आओर प्रसारण मंत्रालय केर यू–ट्यूब चैनल पर सेहो एकर सोझे प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत।

---

उप मुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरीक अध्यक्षता मे पटना समाहरणालय भवन मे आइ जिला कार्यक्रम कार्यन्वयन समिति आ जिला नागरिक परिषदक बैसक आयोजित कयल गेल।

श्री चौधरी कहलनि जे जनहित सँ जुड़ल योजना सभक बेहतर क्रियान्वयन सुनिश्चिम करब हमर सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। ओ राज्य मे चलि रहल विभिन्न योजना सभ कैँ समयबद्ध क्रियान्वयन हेतु अधिकारी लोकनि कैँ आवश्यक दिशा–निर्देश देलनि।

———————————————————————————

केन्द्रीय उपभोक्ता मामिला, खाद्य आ सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रल्हाद जोशी कहलनि जे केन्द्रीय उपभोक्ता संरक्षण प्राधिकरण यूपीएससी सिविल सेवा परीक्षा दू हजार तेईस केर परिणामक संबंध मे भ्रामक विज्ञापन देबाक लेल एकटा निजी कोचिंग सेंटर पर सात लाख टाकाक जुर्माना लगौलक अछि। ओ कहलनि जे प्राधिकरण उपभोक्ता संरक्षण अधिनियम, दू हजार उन्नैस के अंतर्गत अंतिम आदेश पारित कयलक। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री जोशी कहलनि जे ई कार्रवाई कोचिंग क्षेत्र मे पारदर्शिता, जवाबदेही आ निष्पक्ष व्यवहार सुनिश्चित करबाक लेल सरकारक प्रतिबद्धता कैँ देखबैत अछि। ओ जनौलनि जे प्राधिकरण एखन धरि कोचिंग संस्थान सभ कैँ साठि सँ बेसी नोटिस जारी कयलक अछि आ एक करोड़ छियालीस लाख टाका सँ बेसी केर जुर्माना लगौलक अछि।

———————————————————————————

राज्य मे बिहारि, बरखा आ ठनका खसबाक फराक–फराक घटना मे कम सँ कम तेरह गोटेक मृत्यु भऽ गेल। हालांकि सरकार मात्र सात गोटेक मृत्युक पुष्टि कयलक अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे गया मे तीन, नवादा, पूर्वी चंपारण आ औरंगाबाद मे दू–दू गोटेक मृत्यु भेल अछि। ओतहि, सारण, खगड़िया, रोहतास आ भागलपुर मे एक–एक व्यक्तिक मृत्युक खबरि अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि हादसा पर गहिर दुख व्यक्त करैत मृतक लोकनिक निकटतम आश्रित कैँ चारि–चारि लाख टाका अनुग्रह अनुदान देबाक घोषणा कयलनि अछि। एम्हर, हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे अन्हर–बिहारि आ बरखाक कारण तरकारी, लीची आ आमक फसिल कैँ भारी नोकसान भेल अछि। कतेको ठाम गाछ आ बिजलीक खम्भा उखड़ि गेल, जाहि सँ आवागमन आ बिजली आपूर्ति व्यवस्था प्रभावित भेल। गया आ सीवान मे ट्रेनक परिचालन सेहो बाधित भेल।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ पश्चिम चंपारण जिलाक एक–दू ठाम मेघगर्जन, ठनका आ तेज हवाक संग भारी बरखाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। ओतहि, प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम, उत्तर–मध्य, दक्षिण आ दक्षिण–पूर्व भागक जिलाक एक–दू ठाम मेघगर्जन, ठनकाक संग पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा चलबाक संभावना अछि।

---

मधुबनी जिलाक लदनिया थाना क्षेत्र अंतर्गत पदमा गामक गणेश चौक लऽग एनएच दू सय सत्ताईस पर दू मोटरसाइकिलक सोझाँ–सोझी टक्कर मे तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनिक दू आन गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। घायल सभक इलाज सदर अस्पताल मधुबनी मे कयल जा रहल अछि।

---

अररिया जिला मे श्रम नियोजन विभाग दिस सँ एक दिवसीय रोजगार मेलाक आयोजन कयल गेल। ओतहि, जिलाक नरपतगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत पुलिस छापेमारी कऽ एक सय आठ लीटर नेपाली शराब जब्त कयलक अछि।

---

समाप्त भेल